

# PREPARASYON POU IJANS

## POU REZIDAN KI GEN BEZWEN ESPESYAL YO

Anvan yon ijans menase Eta a, mete yon plan anplas. Moun ki gen kapasite patikilye oubyen bezwen espesyal gendwa rankontre obstak ki mande planifikasyon ki gen plis detay. Men rekòmandasyon ki gendwa ede w!

### DETÈMINE OPSYON POU CHÈLTÈ YO

**Pran enfòmasyon sou preparasyon pou ijans** nan men ajans Eta a ak ajans lokal yo. Si chèltè kominote ou an pa kapab reponn a bezwen w, ou pral oblige ale nan yon chèltè pou bezwen espesyal, ki bay yon nivo swen medikal ki adapte pou Eta w.

**Pale ak doktè w** konsènan plan pratik pou sekirite w. **Si w resevwa tretman regilye**, konsilte founisè sèvis ou konsènan plan yo gen pou kontinye sèvis yo pandan yon ijans.

### ENSKRI NAN REJIS FLORID POU BEZWEN ESPESYAL

Sèvis jesyon ijans nan Florid yo kenbe yon bazdone ajou pou moun ki gen andikap oubyen bezwen espesyal. Kontakte biwo lokal ou epi fè yo konnen bezwen byen presi ou genyen yo. Chak konte gen pwòp pwosesis ak fòm pa yo pou anrejistreman, epi ou ka telechaje anpil fòm nan sitwèb yo. Ou dwe mete fòm ou an ajou chak ane pou w sèten enfòmasyon ou yo ajou.



Ale nan [floridadisaster.org/shelters](http://floridadisaster.org/shelters) pou jwenn enfòmasyon konsènan anrejistreman bezwen espesyal dapre konte.

### ENSKRI POU SÈVIS VITAL YO

**Asire ke oumenm oswa yon moun pwòch ou enskri** nan Rejis Konte pa w la pou Bezwен Espesyal.

**Si w oblige gen kouran pou** bezwen medikal ou, oswa ou gen yon maladi yo pa kapab trete nan yon chèltè pou publik la anjeneral, ou dwe enskri davans nan pwogram Konte pa w la pou chèltè dijans pou bezwen espesyal ak transpò.

**Si w bezwen transpò** pou w ale nan kote yo mete pou ou a, fè aranjman sa yo alavans.



### PREPARE DOKIMAN ENPÒTAN YO

Fè yon lis moun ki fè pati Rezo Sipò Pèsonèl ou, ansanm ak enfòmasyon pou kontakte chak moun. Tout moun sa yo dwe okouran kapasite ak limit ou gen nan jan ou fonksyone an.

**Kreye yon dokiman ki gen tout enfòmasyon medikal nan moman an** (pwoblèm medikal yo, doktè yo, nimewo asirans, preferans lopital, lis tout medikaman yo, elatriye).

### PREPARE EKIPMAN AK FOUNITI

Mete etikèt idantifikasiyon sou tout ekipman sipò medikal ou prevwa ou pral ale ak yo nan chèltè a.

Rasanble ekipman dijans ou bonè.

Fè omwen yon rezèv boutèy dlo pou 3 jou (yon galon pa jou pou chak moun) ak manje ki p ap gate, ki fasil pou prepare.

**Kenbe toupre w yon rezèv pou 7 jou nan nenpòt medikaman preskripsyon** oswa medikaman san preskripsyon.\*

**Si w kapab kondi, plen tank machin ou gaz.**



### FÈ ARANJMAN POU BÈT SÈVIS YO

**Yo otorize bêt sèvis yo nan chèltè yo** si yo respekte egzijans yo. Yo dwe gen yon kolye ki gen idantifikasiyon, prèv vaksen ki ajou, ak esplikasyon alekri pou pran swen bêt la. Ou responsab pran swen bêt sèvis ou pandan w rete nan chèltè a.

\*Lwa Florid ba w otorizasyon pou jwenn yon renouvèlman medikaman preskripsyon pou 30 jou kélkeswa dat dènye renouvèlman ou te fè a, depi ou abite nan yon Konte ki anba yon avètisman siklòn, depi gouvènè a te deklare yon eta dijans, oswa Konte a te aktive Sant Operasyon Dijans li.

# ✓ LIS ATIK POU REZIDAN BEZWEN ESPESYAL YO

**Enskri nan Biwo Jesyon Ijans  
(Emergency Management Office)  
Lokal/Konte ou (gade pi wo a)**

## Kreye yon Rezo Sipò Pèsonèl

- Mete twa (3) moun omwen nan rezo sipò ou an.
- Bay yon manm omwen ou fè konfyans nan Rezo Sipò ou an yon kle kay ou oswa apatman w.
- Montre gwoup ou an kikote ou sere twous dijans ou epi tcheke sa ki ladan.
- Fè aranjman pou plis pase yon gress moun nan rezo ou an pou yo tcheke avèk ou si gen yon ijans.
- Montre moun k ap ba w swen yo, manm sipò yo ak lòt moun ki gendwa ap ede w, kijan pou yo opere nenpòt ekipman ki nesesè.

## Fè yon Evalyasyon Pèsonèl

- Fè yon lis bezwen pèsonèl ou ak resous ou pou reponn a bezwen yo nan yon sitiyasyon dezas. Sa dwe gen ladan bezwen pou lavi toulejou tankou atik pou swen pèsonèl, aparèy adaptasyon pou ba w manje ak ekipman ki depann sou kouran, si sa nesesè.
- Kenbe yon rezèv pou 7 jou nan tout medikaman ou pran regilyèman.

## Kreye yon Plan

- Pou w kreye pwòp plan dezas ou ki adapte pou ou pèsonèlman, sèvi avèk zouti Divizyon Florid pou Jesyon Ijans pou Fanmi Planifye pou Dezas.  
[www.floridadisaster.org/getaplan](http://www.floridadisaster.org/getaplan)
- Aprann plan kominote ou an pou dezas ak tout sistèm avètisman ki anplas yo.
- Konnen wout evakyasyon kominote ou an.

## Prepare yon Twous pou Ijans

- Flach/lanp/radyo ki mache ak pil
- Pil anplis
- Twous premye swen
- Telefòn selilè ki chaje nèt, avèk pil anplis
- Tep adezif solid (duct tape), sache fatra ak sizo
- Ekstenktè
- Pwodui pou pouse ensèk (ki gen DEET, picaridin, elatriye)
- Gan izolan trè rezistan
- Kle alamen pou louvri bwat
- Dèlko (si li nesesè, fè li mache deyò sèlman)

## Gen alam lafimen ki fonksyone kòmsadwa nan chak nivo kay ou.

- Asire w tout moun nan kay la, ansanm ak moun k ap bay swen yo, konnen kikote ekstenktè ou yo ye ak kijan pou yo itilize yo.
- Kenbe switch pou fèmen ekipman oksijèn lan fasil pou jwenn pou sizoka gen yon dife.
- Gen alam lafimen ki fonksyone kòmsadwa nan chak nivo kay ou.

## Sanble Dokiman Enpòtan yo

- Kenbe kopi tout dokiman ak dosye enpòtan yo nan yon kòfrefò ki gen sekirite oswa yon lòt kote deyò ki gen sekirite.
- Fè yon dosye pou make tout sa ki pou ou (alekri, foto oswa vidyeo) pou sizoka yo pèdi oswa yo andomaje.

## Fè yon Plan pou Bèt Kay ou yo

- Pa janm abandone bêt kay yo pandan yon ijans.
- Gen yon gwo rezèv manje ak dlo, yon kopi dosye veterinè ou, tout medikaman(yo), kolye ak kòd pou pwomenen bêt, kaj oswa bagay pou pote bêt yo, jwèt yo pi renmen, sab pou chat fè bezwen ak yon vesò si sa nesesè.
- Konnen anplasman chèltè zòn nan ki aksepte bêt kay (li rekòmande pou ou fè anrejistreman davans). Yo aksepte bêt sèvis yo nan tout chèltè yo (gade pi wo a).

## Lòt Konsiderasyon

- Pale sou planifikasyon ijans avèk doktè w oswa espesyalis ou.
- Konnen kijan pou w konekte ak estat yon kouran bakòp pou ekipman medikal endispansab.
- Si w itilize yon chèz woulant elektrik oswa yon skoutè, ou dwe gen yon chèz woulant alamen kòm bakòp.
- Mete etikèt sou tout ekipman medikal ki nesesè epi tache esplikasyon pou itilize yo.
- Sere ekipman bakòp nan yon lòt anplasman.
- Si w itilize yon asistan swen pèsonèl ki soti nan yon ajans swen sante nan kay, tcheke pou wè si ajans lan gen règ espesyal pou ijans.
- Konsidere gen yon sistèm alèt medikal k ap pèmèt ou rele pou jwenn èd nan yon sitiyasyon ijans.

